

Enstriksyon pou Preparasyon Andoskopi

andoskopi siperyè/ERCP/EUS/anteroskopi

Dat randevou a:

Lè randevou a (tanpri vini 1 èdtan an avans):

Eleman ki sou lis kontwòl la:

☐ **Prevwa yon moun ki pou akonpanye w lakay ou aprè operasyon an**

- Yon adilt ki responsab dwe akonpanye w lakay ou
- Si ou pa genyen yon moun ki pou akonpanye w, yo dwe anile operasyon w lan

☐ **Konsilte Enstriksyon sou Jesyon Medikaman yo**

- Si ou ap pran antikowagilan, medikaman pou dyabèt oswa medikaman GLP1 pou pèdi pwa, ou ka nan obligasyon pou w sispann pran yo oswa ajiste dòz la avan operasyon an

Anplasman ak enfòmasyon kontak:

Moakley building 2nd floor (Suite 2200)
830 Harrison Avenue
Boston, MA 02118

pou planifikasyon randevou
Andoskopi:
617-414-2600, opsyon 1

pou sant enfimyè Andoskopi yo:
617-414-2420

Medsen jeneralis lannuit/wikenn:
617-638-7243

ENFÒMASYON ENPÒTAN pou jou operasyon ou an

- Konsilte **Enstriksyon sou Jesyon Medikaman yo** nan aswè avan randevou ou an
- Tanpri rive **1 èdtan anvan** operasyon w lan
- Estomak **ou dwe vid nèt**
 - *Pa dwe manje aliman ki solid pandan omwen 8 èdtan* avan randevou ou an
 - Ou ka kontinye bwè likid ki klè (konsilte lis ki anba a) *jiska 2 èdtan* avan randevou ou an
 - Si ou ap pran yon mediman pou pèdi pwa GLP1 oswa yo te dyagnostike w yon “gastwoparezi”, *konsome sèlman likid ki klè pandan 24 èdtan* avan operasyon ou an

Likid klè ou ka bwè 2 èdtan avan randevou ou an:

Dlo, soda klè, bwason pou spòtif
Ji *san ma*, Jell-O, ice pops

Kafe nwa oswa te *san lèt* oswa *krèm*
Bouyon klè (san grès oswa lwil)